

KIJAN POU OU TRETE KOLERA

1.- Kantite likid ou pran ta dwe egal ou byen pi plis pase kantite ou pèdu – Si ou ap fè li pou timoun, nou di pou yo ba yo yon vè dlo pou chak fwa li kaka dlo (Sa depann tou de grosè vè a men jeneralman nou pale de 200 cc)

2.- Likid la dwe gen sèl (5 a 7 gram pou chak lit dlo) ak sik (ou byen sikroz). Kantite sik pou'w mete a se 30 – 35 gram pa lit – Sèvi ak yon bagay pou mezire pou ou ka fèl jan yo di a – Sa vle di ke ou bezwen yon ti kiyè sèl pou chak boutèy wonm dlo ak 6 a 7 ti kiyè sik. Si ou fèl ak sik wouj ou byen melas lap pi bon toujou paske melas gen potasyòm avèk sikroz. Si ou gen glikoz – sèvi ak mwatye sa ou tap utilize pou sikroz la (Paske lè sikroz la rive lan lestomak ou, mwatye ladan l tounen friktoz mwatye ladan l tounen glikoz. Friktoz pa ede ou absòbe sodyòm)

3.- Sèvi ak yon dlo ki pwòp. Pa pèdu tan ou bouyi l si l deja pwòp. Dèfw moun yo pa gentan idrate tèt yo paske yo pè kalite dlo a alòs ke yo konnen bwè dlo sa tout tan san yo pa bouyi l. Si ou gentan malad dlo a pap fè ou pi malad si ou abitye bwè li deja.

4.- Pa bliye ke panda konsèy sa yo ka trete kolera ak yon posibilite ke 3 moun ka mouri sou 1000 malad , antibyotik ka dimisye kantite dyare a de mwatye. Ki donk menm lè antibyotik pa pi enpòtan ke sa, yo ka trè itil pou dimisye kantite likid moun lan bezwen e risk ke li ka dezidrate, yon bagay ki trè enpòtan.

5.- Byenke ou ka pran kolera lan manje, men ou ka pi plis pran li lan dlo ki pa pròp. Donk tout efò yo se pou sèvi ak dlo ki pwòp – Mete kloròks ou byen bouyi li, menm si ou pa bouyi l pou lontan. Li ka anpeche ou pran kolera.

6.- Pou enfòmasyon ou, vaksen pou kolera pa pi itil ke sa lè epidemic a deja ap fè ravaj – Epidemi a ap gentan pase tan pou vaksen an aji. Pa pèdu tan ou lan vaksen.

Jon Rohde, MD
3 Moray Place
Oranjezicht, 8001
Cape Town
South Africa
tel: 27 (0) 214650569
cell: 27 (0) 833067701